


La Bib pou ti moun
prézanté

Jozye vin
responsab



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Moyiz te mouri. Jozye te konnen
Bondye te chwazi li pou dirije
Izrayelit yo. Anvan Jozye te
prepare lame li a, li te dwe
prepare tèt li. Bondye te pwomèt
Jozye viktwa ak pwosperite
nan Latè Pwomiz la si pèp la
te obeyi Pawòl Bondye a.





Izrayelit
yo te pwomèt
pou yo swiv Jozye
epi toujou obeyi
Pawòl Bondye a.
Avèk sajès, nouvo
lidè a te voye
espyon Kanaran
pou pou y al etidye
defans gran vil
Jeriko a. Premye
batay Izrayèl la t
apral fèt la.






Yon moun te di wa Jeriko a te genyen espyon nan vil la. Li te voye sòlda li yo pou jwenn yo. Rechèch la te kòmanse lakay Rayab (Rahab), kote espyon yo te ye a. Sòlda yo te eseye louvri pòt la. Rahab te kache mesye yo byen vit anba len ki t ap seche.




Lè sòlda yo te ale,
Rahab te itilize yon
kòd wouj pou li fè
mesye yo desann
nan miray vil la.
Poukisa li t ap ede
espyon yo ? Paske li
te konnen Bondye
te avèk yo. Li te vle
pou Bondye epaye
lavi l. Espyon yo te
pwomèt pou yo sove
Rahab ak fanmi li.




Anvan Izrayelit yo te rive Jeriko, yo te dwe travèse
Rivyè Jouden an pou yo antre Kanaran, Latè Pwomiz
la. Men, pa te genyen pon. Ki jan pèp la t apral
travèse ?




Bondye te di Jozye sakrifikatè yo te dwe dirije
sòlda yo ak moun ki t ap pote lach la si yo te
respekte Dis Kòmandman yo. Lè pye sakrifikatè yo
te touche bò flèv la, Bondye te fè yon mirak. Yon
chemen sèk te pèmet yo travèse dlo a.




Lè tout pèp la te fin
travèse, yo te mete
douz gwo wòch nan
flèv la, epi douz lòt
bò flèv la Kanaran.
Se te pou ede pèp
la anseye timoun yo
gwo pouvwa ak
lanmou Bondye.





Jeriko te gen miray
solid ak pwès.
Pandan Jozye t ap
prepare atak li a,
Bondye te voye
Kapitèn lame syèl li
a pou raple nouvo
responsab la
Bondye ranpòte
laviktwa nan batay
yo pou pèp li a.








Bondye te di Jozye pou l atake Jeriko. Se te yon plan ki te etranj anpil. Pèp Bondye a te dwe fè tou vil la yon fwa pa jou pandan sis jou, epi sèt fwa nan setyèm jou a. Kidonk, yo te dwe sonnen twonpèt epi rele byen fò, epi miray vil la t apral tonbe !




Jozye ak lame li a te fè egzakteman jan Bondye te
kòmande a. Petèt moun Jeriko yo t ap pase yo nan
betiz. Men, apre setyèm mach la nan
setyèm jou a, sakrifikatè yo te soufle nan
kòn belye yo, epi jan Bondye te pwomèt la,
**GWO MI JERIKO YO
TE TONBE !**





Se sèlman kay Rahab la, ki te
nan mi a, ki te sove. Li te kite
kòd wouj la pandye nan fenèt la.
Mesye Jozye yo te sove Rahab
ak fanmi li byen vit. Apre sa,
yo te detwi Jeriko, jan
Bondye te bay lòd la.





Jozye te dedye
solanèlman lò, ajan ak
trezò Jeriko yo pou sèvis
Bondye. Apre sa, yo te mete yon madichon
sou nenpòt moun ki ta vle rebati vil la.
Byen vit, tout moun nan Kanaran te
konnen kijan Jozye te detwi Jeriko.
Yo te konnen Bondye te avèk pèp li a.



Jozye vin responsab

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Jozye 1-6

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

